

GID POU PARAN POU KLAS 1YE ANE

Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrès akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzijè elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Sid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas premye ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** avèk pwofesè pitit ou sou sa pitit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.


APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas premye ane—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas premye ane** yo ap aprann kalite leson sa yo:

- Rezoud pwoblèm mo k ap mande pou yo fè adisyon twa nonb antye ki gen sòm yo ki pi piti pase oswa ki egal a 20 lè yo itilize objè, desen ak ekwasyon ki gen yon senbòl pou nonb enkonni an pou reprezante pwoblèm nan.
- Rekonèt soustraksyon kòm yon pwoblèm kimilatè enkonni (yon nonb enkonni ki ajoute sou yon lòt).
Pa egzanp: “Soustrè 10 – 8 lè ou jwenn nonb ki fè 10 lè li ajoute sou 8.”



- Asosye konte avèk adisyon ak soustraksyon.



- Konte jiska 120, apati nenpòt nonb ki pi piti pase 120. Li epi ekri nonb ki reprezante yon kantite objè.

Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.



Telechaje Prensip Florida pou Matematik pou Klas 1ye Ane sou sitwèb www.flstandards.org

#FLStandards
Antre nan konvèsasyon an



PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Lè w ap pale avèk pwofesè pitit ou, pa pè pale sou tout bagay. Olye ou pè pale sou tout bagay, kenbe konvèsasyon an konsantre sou sijè ki pi enpòtan pou pitit ou. Nan klas premye ane, ou ka mande poze pwofesè pitit ou kesyon tankou:

- Kijan pitit ou mande pitit mwen pou li montre travay li?
- Nan ki kèk matyè pitit ou travay pi byen? Ki kote pitit mwen bezwen èd siplemantè?

SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikenn epi pandan vakans lete.



Jwe jwèt chif avèk pitit ou. Konte pou reponn, “Konbyen?” Reflechi sou fason pou entwodui “120” nan vrè aktivite ki gen sans.



Fè aktivite chak jou yo vin “mistè” matematik reyèl. Fè pwoblèm mo ki bay pratik adisyon ak soustraksyon nan limit 20.



Rasanble yon koleksyon pyès monnen ki gen gwosè diferan. Mande pitit ou pou li klase pyès monnen yo selon valè yo. Answit chwazi de nan gwoup yo, epi mande pitit ou pou li konte kantite pyès monnen ki nan chak gwoup. Fè li ajoute kantite yo ansanm, answit jwenn diferans ant de nonb



Fè pitit ou “tcheke” desizyon adisyon ak soustraksyon ou kòm “vrè oswa fo.” Bay li okazyon pou reponn fo, epi pran plezi nou.



Kite li konte lajan epi fè chanjman. Pa egzanp, fè pitit ou konnen ou gen monnen nan pòch ou ki totalize 90 santim epi mande, “Ki konbinezon pyès monnen ki kapab nan pòch mwen?”



Fè travay ki baze sou matematik nan lavi reyèl. Prepare de (2) kouvè epi mande li pou fini rès, pou li swiv modèl ou te kòmanse a. Kreye pwojè tankou plante yon jaden.

Pale avèk pwofesè pitit ouswa avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.
Telechaje Prensip Florida pou Matematik okonplè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb www.flstandards.org

Ou gen kesyon? Kontakte JustforParents@fldoe.org